

# Terapi Pou Kansè ak Selil Lenfosit T CAR

Terapi selil lenfosit T CAR (terapi lenfosit T ki gen reseptè antigenik chimerik) se yon tip iminoterapi. Li altere jèn yo nan selil lenfosit T yon moun (yon tip selil blan nan san) pou ede yo atake selil kansè yo. Terapi selil lenfosit T CAR ka itil nan trete kèk tip kansè, menm lè lòt tretman pa efikas ankò.



## Kijan terapi selil lenfosit T CAR fonksyone?

Pou Terapi selil lenfosit T CAR, yo pran selil T yo nan san w. Yo chanje yo jenetikman nan yon laboratwa pou yo ka gen yon reseptè antijenik chimerik (CAR) sou sifas ekstèn yo. Sa ede selil lenfosit T yo atache ak yon antijèn selil kansè espesifik. Lè sa selil lenfosit T CAR yo retounen nan san w.



## Kijan yo bay terapi selil lenfosit T CAR?

Yo bay pèfizyon selil lenfosit T CAR yon fwa. Sa pran anjeneral ant 30 ak 60 minit, men li ka dire pi lontan. Yon fwa pèfizyon a fini, doktè w ap di w lè ou ka retounen lakay ou.

Pou plizyè semèn apre pèfizyon an, ou pral gen evalyasyon regilye nan lopital la. Sa pral ede doktè w idantifye nenpòt pwoblèm oswa reyaksyon nan terapi a pi vit ke posib.



## Preparasyon pou terapi selil lenfosit T CAR

Resevwa terapi selil T CAR diferan de lòt tip tretman yo. Li enlike:

- Pou yo kolekte selil lenfosit T yo apati san w (lekaferèz), anjeneral nan youn (1) oswa plizyè entèvansyon ambilatwa
- Tann plizyè semèn pou yo modifiye ak miltipliye nan laboratwa a
- Pran yon tretman kout chimyoterapi pou ede diminye kantite lòt selil iminitè nan kò w kèk jou anvan pèfizyon selil lenfosit T CAR yo.

Pale ak ekip swen kansè w sou kisa pou atann ou apre pèfizyon. Sa pral ede ou menm ak moun k ap baw swen an planifye chanjman nan travay ou oswa nan orè fanmi w si sa nesèsè.



## Ki kote moun yo ale pou jwenn terapi selil lenfosit T CAR?

Yo bay pèfizyon selil lenfosit T CAR nan yon lopital oswa sant medikal kote yo resevwa fòmasyon espesyal pou fèl. Yo pral gen pou siveye w de prè pandan plizyè semèn apre w fin resevwa selil lenfosit T CAR epi retounen souvan pou swivi.



## Efè segondè terapi selil lenfosit T CAR

Terapi selil lenfosit T CAR ka pafwa lakòz efè segondè grav oswa ki menm menase lavi, ki enkli sendwòm liberasyon sitokin (CRS). Kòm selil lenfosit T CAR yo miltipliye nan kò a, yo ka lage gwo kantite pwodwi chimik ke yo rele **sitokin**, ki aktive sistèm iminitè a. Efè segondè grav akòz liberasyon pwodwi sa yo gen ladan:

- Gwo lafyèv ak frison
- Pwoblèm respirasyon
- Gwo kè plen, vomisman, ak/oswa dyare
- Gen tèt vire oswa toudisman
- Tèt fè mal
- Batman kè rapid
- Sansasyon anpil fatig

Terapi selil lenfosit T CAR kapab lakòz tou:

- Pwoblèm sistèm nève, tankou konfizyon, kriz, ak pèt balans
- Reyaksyon alèjik pandan pèfizyon an
- Nivo potasyòm, sodyòm oswa fosfò ki ba nan san an
- Yon sistèm iminitè ki fèb ki ka mennen nan yon pi gwo risk pou enfeksyon grav
- Kantite selil san ki ba

Gen kèk efè segondè ki ka rive pandan oswa imedyatman apre tretman fin resevwa, pandan ke lòt yo ka rive apre kèk jou, semèn, oswa mwa apre tretman an.



## Kesyon pou poze

Men kèk kesyon ou ka poze doktè w ak ekip swen kansè w:

- Ki kote mwen prale pou jwenn tretman an? Èske m ap ka kondwi pou kont mwen?
- Èske m ap bezwen yon moun pou pran swen m apre tretman an? Pou konbyen tan?
- Ki lè m ap bezwen retounen pou swivi apre tretman?
- Ki efè segondè mwen ta ka genyen? Kisa mwen ka fè kont yo?
- Èske mwen ka kontinye pran lòt medikaman oswa sipleman mwen yo?
- Èske asirans mwen an ap peye pou tretman mwen an? Konbyen mwen pral gen pou peye?
- Èske m ap kapab travay epi fè aktivite regilye m?
- Kisa m ka fè pou m pran swen tèt mwen pandan tretman an?
- Kilè mwen ta dwe rele doktè oswa enfimyè a?



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan [cancer.org/haitiancreole](https://cancer.org/haitiancreole) oswa rele nou nan **1-800-227-2345**.

Nou la lè w bezwen nou.

